



**PWOSÈ VÈBAL OFISYÈL VITYÈL
REYINYON KOMITE LEKÒL BOSTON**

7 Desanm 2022

Komite Lekòl Boston an te fè yon reyinyon adistans nan dat 7 desanm 2022 a 5 pm sou Zoom. Pou plis enfòmasyon sou nenpòt nan atik ki nan lis anba a, vizite www.bostonpublicschools.org/schoolcommittee, imèl feedback@bostonpublicschools.org oswa rele Biwo Komite Lekòl Boston an nan (617) 635-9014.

ASISTANS

Manm Komite Lekòl ki te prezan yo se: Prezidan Jeri Robinson; Vis Prezidan Michael D. O'Neill; Stephen Alkins; Brandon Cardet-Hernandez; Lorena Lopera; Rafaela Polanco Garcia; Quoc Tran; ak reprezantan etidyan Diego Mehta.

Manm komite lekòl la ki te absan: Okenn

DOKIMAN KI TE PREZANTE

Ajanda

<https://www.bostonpublicschools.org/cms/lib/MA01906464/Centricity/Domain/162/AR%20AGENDA%20BSC%2012%2007%2022%20MEETING.pdf> Arab / العربية |

Caboverdean/Caboverdeano | Chinwa/中文 | Fransè/Français | Haitian/Kreyòl Ayisyen | Pòtigè/Português | Somalyen/ Soomaali | Espanyòl/español | Vyetnamyen/Tiếng Việt

Pwosè Vèbal Reyinyon: 16 Novanm 2022

Memo: Asosyasyon Patwouy Lapolis | Arab / العربية | Caboverdean/Caboverdeano | Chinwa/中文 | Fransè/ Français | Haitian/Kreyòl Ayisyen | Pòtigè/Português | Somalyen/ Soomaali | Espanyòl/español | Vyetnamyen/Tiếng Việt

Akò patwouy yo, anvigè 1ye septanm 2020 - 31 out 2021

<https://www.bostonpublicschools.org/cms/lib/MA01906464/Centricity/Domain/162/AR%20Patrolmen%20MOA%202020%202021.pdf> Arab / العربية | Caboverdean / Caboverdeano |

Chinwa/中文 | Fransè/Français | Haitian/Kreyòl Ayisyen | Pòtigè/Português | Somalyen/ Soomaali | Espanyòl/español | Vyetnamyen/Tiếng Việt

7 Desanm 2022

Akò patwouy yo, anvigè 1ye septanm 2021 - 31 out 2024 | Arab / العربية |

Caboverdean/Caboverdeano | Chinwa/中文 | Fransè/Français | Haitian/Kreyòl Ayisyen |
Pòtigè/Português | Somalyen/ Soomaali | Espanyòl/español | Vyetnamyen/Tiếng Việt

Memo: Akò Negosyasyon Kolektif – Inyon Lokal Nimewo 1952, Konsèy Distri Painters &
Allied Trades Nimewo 35 (Gadyen BPS)

Memorandòm Konpreyasyon Administratè yo, ki valab 1ye septanm 2020 - 31 out 2023 | Arab
/ العربية | Caboverdean/ Caboverdeano | Chinwa/中文 | Fransè/Français | Haitian/Kreyòl Ayisyen |
Pòtigè/Português | Somalyen/ Soomaali | Espanyòl/español | Vyetnamyen/Tiếng Việt

Memorandòm Akò Gadyen yo, anvigè 1 septanm 2023 - 31 out 2026

Sibvansyon pou Apwobasyon yon Total de \$1,356,000 | Arab / العربية |

Caboverdean/Caboverdeano | Chinwa/中文 | Fransè/Français | Haitian/Kreyòl Ayisyen |
Pòtigè/Português | Somalyen/ Soomaali | Espanyòl/español | Vyetnamyen/Tiếng Việt

Akò Negosyasyon Kolektif: Komite Lekòl Boston ak AFSCME AFL CIO Council 93, ak
Affiliate Local 230 (Travayè Kafeterya), 1ye jiyè 2020 - 30 jen 2023 | Arab / العربية |
Caboverdean/Caboverdeano | Chinwa/中文 | Fransè/Français | Haitian/Kreyòl Ayisyen |
Pòtigè/Português | Somalyen/ Soomaali | Espanyòl/ Espanyòl | Vyetnamyen/Tiếng Việt

Prezantasyon pou Chanje Non Lekòl - Nòt Kouvèti

Chanje non Prezantasyon Komite Lekòl la Arab / العربية | Caboverdean/Caboverdeano |
Chinwa/中文 | Fransè/Français | Haitian/Kreyòl Ayisyen | Pòtigè/Português | Somalyen/ Soomaali
| Espanyòl/ Espanyòl | Vyetnamyen/Tiếng Việt

Siveyan Lekòl la Nonmen Sikilè ane lekòl 2023

[https://www.bostonpublicschools.org/cms/lib/MA01906464/Centricity/Domain/162/AR%20Sup
t%20circular%20Name%20Change%202022.pdf](https://www.bostonpublicschools.org/cms/lib/MA01906464/Centricity/Domain/162/AR%20Sup
t%20circular%20Name%20Change%202022.pdf) Arab / العربية | Caboverdean/Caboverdeano |
Chinwa/中文 | Fransè/Français | Haitian/Kreyòl Ayisyen | Pòtigè/Português | Somalyen/ Soomaali |
Espanyòl/español | Vyetnamyen/Tiếng Việt

Règleman Pwosesis Non Lekòl | Arab / العربية | Caboverdean/Caboverdeano | Chinwa/中文 |
Fransè/Français | Haitian/Kreyòl Ayisyen | Pòtigè/Português | Somalyen/ Soomaali |
Espanyòl/español | Vyetnamyen/Tiếng Việt

Memo Rapò Biwo Ekite | Arab / العربية | Caboverdean/Caboverdeano | Chinwa/中文 |
Fransè/Français | Haitian/Kreyòl Ayisyen | Pòtigè/Português | Somalyen/ Soomaali |
Espanyòl/español | Vyetnamyen/Tiếng Việt

Biwo Ekite sou Rapò Deklarasyon Enpak Ekite | Arab / العربية | Caboverdean/Caboverdeano |
Chinwa/中文 | Fransè/Français | Haitian/Kreyòl Ayisyen | Pòtigè/Português | Somalyen/ Soomaali |
Espanyòl/español | Vyetnamyen/Tiếng Việt

7 Desanm 2022

Prezantasyon Biwo Ekite Rapò | Arab / العربية | Caboverdean/Caboverdeano | Chinwa/中文 | Fransè/Français | Haitian/Kreyòl Ayisyen | Pòtigè/Português | Somalyen/ Soomaali | Espanyòl/español | Vyetnamyen/Tiếng Việt

APÈL POU KÒMANSE

Prezidan Jeri Robinson te kòmanse reyinyon an epi lte dirije deklasyon fidelite a. Madam Sullivan te fè apèl nominasyon. Mesye O'Neill te rantr nan reyinyon an imedyatman apre apèl la. Mesye Mehta te absan men li te rantr nan reyinyon piblik la a 6 pm Tout lòt manm yo te prezan.

Madam Robinson anonse komite a pral fon kanpe imedyatman pou ouvri yon sesyon egzekitif pou diskite sou estrateji negosyasyon kolektif ak Asosyasyon patwouy lapolis lekòl Boston Lokal Inyon 1952, Konsèy Distri a Pentrè ak Komèsyal Alye yo Nimewo 35 (Custodials). Fè deba sa a nan yon reyinyon ouvè te ka afekte pozisyon negosyasyon Komite a. Li te di Komite a te retounen nan sesyon piblik la a 6 pm

FÈMEN SESYON EGZEKITIF LA

Apwouve - Pa mwayen vòt apèl nominal, Komite a te apwouve yon mosyon pou reyinyon egzekitif la yon fason inanim pou diskite sou estrateji konsènan negosyasyon kolektif ak Boston School Police Patrol Officers Association ak Local Union 1952, Painters & Allied Trades District Council No 35 (Trustees).

TOUNEN NAN SESYON PIBLIK LA POU KÒMANSE REYINYON AN

Prezidan Robinson rekòmanse reyinyon an nan yon sesyon ozanviwon 6:40 p.m. Madam Robinson te anonse Komite a te fèk soti nan yon sesyon egzekitif pou diskite sou estrateji konsènan negosyasyon kolektif ak Boston School Police Patrolmen Association ak Local Union 1952, Painters & Allied Trades District Council No 35 (Custodians).

Madam Robinson te di y ap difize reyinyon an aswè a an dirèk sou Zoom. Yo pral redifize l sou Boston City TV. Yo pral pibliye l tou sou bostonpublicschools.org/schoolcommittee ak sou YouTube. Li fè konnen sèvis entèpretasyon similtane disponib nan lang Espanyòl, Kreyòl Ayisyen, Kap Vèdyen, Vyetnamyen, Kantonè, Mandaren, ak Lang siy Ameriken (ASL) epi li bay enstriksyon sou fason pou jwenn aksè nan entèpretasyon similtane lè w chanje chanèl Zoom la. Yo te pibliye tradiksyon dokiman reyinyon yo nan www.bostonpublicschools.org/schoolcommittee anvan reyinyon an kòmanse.

APWOBASYON PWOSE VÈBAL REYINYON AN

Apwouve – Nan apèl nominal la, Komite a te apwouve an blòk pwose vèbal Komite Lekòl la nan dat 16 Novanm 2022.

RAPÒ SIVEYAN AN

Fason li te prepare prezantasyon l lan.

Mwen espere ou te pase yon bèl vakans epi w te kapab konekte, reflekte ak reflechi pandan n ap antre nan fen ane kalandriye a. Nou gen yon ajanda konplè aswè a ki gen ladan yon prezantasyon enpòtan sou Travay Prevansyon Ekite ak Entimidasyon nou an, yon vòt sou sibvansyon ak lekòl ki sou lis pou chanje non bilding ak chanm yo ansanm ak de prezantasyon kout sou de kontra sendika ki fèk ratifye. Nou te fè anpil efò pandan plizyè semèn sa yo pou finalize kontra eksepsyonèl nou yo. Antanke Siveyan mwen panse li enpòtan pou travay ak trete sendika nou yo san patipri ak respè e yon pati nan sa se asire aktyèl kontra yo. Moun yo te san kontra pou anpil tan ansanm ak jou ferye yo ki prèske rive, nou vle jwenn konpansasyon ki apwopriye yo dapre akò nou yo, pi vit posib. Mwen konnen se yon pozisyon difisil pou komite a, mwen mande komite a vote nan menm sware prezantasyon yo. Mwen konnen sa se yon pratik ki pa nòmal, men mwen panse nou tout ka dakò si yo apwouve vòt yo, nou vle fè moun peye pi vit posib. Nou espere gen yon lòt sesyon egzekitif ak plis prezantasyon pou vote semèn pwochèn pandan n ap fèmen negosyasyon kontra pou ane a.

Akòz sitiyoasyon ki te rive nan Murphy School, n ap evalye etablisman ak pwotokòl operasyon nou yo pou bilding nou yo. N ap fè konvèsasyon tou ak patnè kominotè yo sou pwosedi yo bezwen swiv lè yo itilize bilding nou yo. Anplis de sa, nou te fè manadjè zòn nou yo fè demach nan bilding lekòl nou yo pou asire yo lekòl nou yo rete an sekirite pou elèv nou yo, anplwaye yo ak fanmi yo.

Semèn pase a, nou te soumèt yon lòt liv bay DESE ki gen rapò ak Transfòmasyon Lekòl yo. Distri a te travay avèk Afton Partners ak UPD Consulting pou konplete yon analiz ekite nan finansman pou Transfòmasyon Lekòl yo, lè yo konpare ak Lekòl ki pa gen Transfòmasyon emn ki gen menm gwosè ak pwogramasyon. Nou pral resevwa rekòmandasyon ki pi espesifik apre analiz Afton ak UPD k ap fèt nan mwa janvyè. Nou remèsye Konsèy Lekòl Gran Vil yo pou prezantasyon ak rekòmandasyon yo nan dènye reyinyon Komite Lekòl la ki gen rapò ak Edikasyon Espesyal. N ap kontinye revize 10 rekòmandasyon jeneral sa yo an pwofondè, ki gen plis pase 200 rekòmandasyon ki byen detaye. Nou te deja kòmanse travay sou plizyè nan rekòmandasyon yo, espesyalman sa ki toupre aplikasyon enklizyon, sipòte elèv nou yo k ap aprann plizyè lang ki andikape, etabli epi aplike yon kad MTSS, epi travay ak ekip finansye ak akademik nou an nan bidjè ak plan pou gen yon distri ki enklizif. Jis jodi a nou te gen yon reyinyon devlopman pwofesyonèl ant biwo Edikasyon Espesyal ak biwo Edikasyon Miltikiltirèl ak Miltilang sou fason nou sipòte e n ap sipòte elèv ki gen andikap ki pale plizyè lang. Kounye a n ap ekri yon kontra pou idantifye ekspè ki deyò yo pou sipòte yon aplikasyon ki solid nan enklizyon sistèmik pou elèv k ap aprann plizyè lang nou yo ki gen andikap.

Anplis de sa, nou ap pran etap ki enpòtan pou:

- Anboche yon Konseye Prensipal pou sipèvizè aplikasyon rekòmandasyon yo ak yon Chèf Edikasyon Espesyal pou dirije Biwo Edikasyon Espesyal..
- Kreye pozisyon pou sipèvizè aplikasyon Sistèm Sipò ki gen plizyè Nivo nan distri a

7 Desanm 2022

- Nou te òganize de nan kat lansman nou yo pou ekip planifikasyon enklizyon ki baze sou lekòl nou yo ak 22 gwoup lekòl ki kòmanse pwosesis pou rann lekòl yo pi enklizif pou sèvi tout elèv yo nan anviwonman ki pi piti a.
- N ap travay aktivman ak Biwo Edikasyon Espesyal, Biwo Edikasyon Miltilang ak Miltikiltirèl ak ekip bidjè nou an pou planifye yon distri ki vrèman enklizif.

Finalman, nou te reyini ak konsèy egzekitif SpedPac pandan n ap kolabore ak fanmi nou yo ak pi gwo kominote a pou kontinye aplikasyon ak chanjman kilti ki nesèsè pou fè Lekòl Piblik Boston vin yon distri enklizif, kote chak elèv ka atenn tout potansyèl yo. N ap reyini ak Gwoup Travay k ap aprann Anglè nou an demen. Mwa pwochen, nou pral tande Konsèy la konsènan rekòmandasyon yo sou sekirite ak transpòtasyon lekòl la.

Pi ta nan aswè a, nou pral tande yon nouvèl ki soti nan Biwo Ekite ki fè travay enpòtan chak jou pou sipòte elèv nou yo ak anplwaye nou yo. Yon aktyalizasyon espesifik mwen vle bay anvan prezantasyon Ekite a se konsènan investigasyon kontinyèl Avoka Natashia Tidwell. Mwen vle bay aklèsisman konsènan sijè ki abòde ankèt Avoka Tidwell a paske gen kèk konfizyon sou sa Avoka Tidwell ap envestige yo. Avoka Tidwell ap mennen ankèt sou akizasyon kote yo te mete yon kantite disproporsyone nan edikatè koulè yo nan konje administratif ak/oswa yo te mete yo anba investigasyon epi disproporsyonèl sa a ka lakoz gen patipri. Avoka Tidwell p ap mennen ankèt sou dekonpozisyon rasyal tout reyinyon ankèt BPS fè paske BPS pa swiv tout IM yo. Yo pa fè swivi sou tout reyinyon investigasyon yo paske pifò pa enplike konje administratif oswa rezilta nan disiplin. Olye de sa, reyinyon ankèt yo se jis opòtinite yon anplwaye genyen pou reponn ak akizasyon elèv yo, fanmi yo oswa anplwaye yo fè kont yo. Reyinyon ankèt yo obligatwa paske yo bay anplwaye yo yon opòtinite pou yo konsilte avèk sendika yo oswa konsèy legal yo anvan yo fè entèvyou ak yon sipèvizè. Avoka Tidwell tou pa fè lòt ankèt sou investigasyon anvan yo pou detèmine si ankèt la te gen patipri. Anplwaye ki kwè konklizyon yon ankèt gen patipri rasyal e/oswa yo pa sipòte atravè reyalite a, kapab dirèkteman konteste investigasyon sa yo atravè yon odyans disiplinè, abitraj, plent jistis oswa bay MCAD oswa EEOC. Olye de sa, Avoka Tidwell ap revize si gen yon kantite disproporsyonèl nan biwo santral jesyon ak lidè lekòl yo te envestige oswa mete an konje epi si disproporsyonèl sa a egziste, si gen prèv ki montre disproporsyonèl sa a se lakoz patipri. Mwen te mande Avoka Tidwell pou l egzamine l, epi kalite investigasyon sa yo pran tan.

Imedyatman, dapre opinyon mwen te resevwa nan yon reyinyon ak yon reprezantan Concerned Educators of Color, mwen te mande ekip mwen an pou li ekri yon lèt sou dwa anplwaye yo pou eksplike pwosesis investigasyon ak disiplinè pou asire yo chak anplwaye konnen dwa yo ak sa ankèt ak pwosesis disiplinè enplike nan kòmansman yon ankèt. Yo pral voye lèt sa yo nan kèk semèn apre Nouvèl Ane a. Li enpòtan pou sonje Distri a oblije mennen ankèt sou tout akizasyon kredib sou move konduit anplwaye BPS yo pou asire yo anplwaye yo respekte regleman BPS yo ansanm ak lwa eta ak federal ki gouvènè distri lekòl yo. Se yon priyorite pou mwen pou m kreye yon anviwonman ki an sekirite ak enklizif pou tout anplwaye yo. Envestigasyon epi reponn ak akizasyon move kondwit anplwaye yo esansyèl pou etabli epi kenbe konfyans piblik nan BPS. Egalman kritik pou kenbe yon espas travay san diskriminasyon lè w asire repons BPS a ak akizasyon movèz kondwit ak disiplin anplwaye yo pa gen patipri.

Pandan semèn nan, mwen te tèlman apresye patnè kominotè yo tankou Boston Symphony Orchestra ki te jwe nan oditoryòm Burke e ki te pote atis klas mondyal nan kominote a. Mwen te

7 Desanm 2022

gen opòtinite tou pou sipòte yon rasanbleman manje nan United Way ak anpil volontè nan East Boston High School.

Mwen te vle salye EdVestors patnè nou an ki te ede sekirize yon envestisman 1.65 milyon dola nan edikasyon atistik ak pwogramasyon atravè East Boston Schools nan Guild School la. Mwen te kontan wè manm Komite Lekòl la Lorena Lopera ak Vis Prezidan Michael O'Neill nan anons lan – e lefètke m te tande elèv dezyèm ane yo ap chante ansanm sa te chofe kè m. Mwen ta renmen tou remèsye Red Sox ak Mass Mutual pou patenarya yo ak sipò yo nan Laboratwa apratisaj ki pral ede elèv BPS yo gen yon bon eksperyans.

Mwen vle salye etidyan segondè nan Boston Green Academy ki te prezante yo nan yon reyinyon minisipalite sou anviwònman an ak elèv ki nan kote Boston semèn pase a yo te patisipe nan selebrasyon prim Earthshot yo. Boston Green Academy konsantre anpil sou dirabilite ak prepare pwochen jenerasyon ki gen plizyè lidè pou kolèj ak karyè ekolojik. Elèv Henderson School ak East Boston High School te prezan tou. Evènman an te prezante Adjwen Gouvènè ki eli nan Massachusetts Kim Driscoll, Administratè Ajans ki Asosye pou Pwoteksyon Anviwònman Ameriken an, Rosemary Enobakhare, ak prim Earthshot CEO pou Hannah Jones.

Mwen te gen opòtinite tou pou tande koral O'Bryant jwe a nan Asosyasyon Lekòl New England ak konferans Kolèj yo semèn sa a. Nou te kapab tou selebre ak Doktè Bruce Pontbriand nan TechBoston Academy pou rekonèt travay li pandan ane l sipòte BPS ak Asosyasyon Lekòl New England ak konferans Kolèj yo

Epitou, se te yon bèl bagay pou mwen te isit la nan Northeastern pou selebre MacFarland Fellows yo, ki se anplwaye BPS ki te resevwa yon bous \$20,000 pou pouswiv yon Master of Arts nan Ansèyman atravè asosyasyon ki fini ak Biwo Pwogram Rekritman, Kiltivasyon ak Divèsite. Gen anpil bon bagay k ap pase nan kominote nou an e mwen rekonesan anvè elèv nou yo, anplwaye yo ak patnè kominote nou yo ki fè tout bagay posib.

Anfen, mwen kontan pataje ganyan ane sa a pou Prim Edikatè 2022 BPS la! Prim Edikatè pou Ane a rekonèt edikatè eksepsyonèl yo ale pi lwen pou enfliyanse lavi elèv BPS ak manm kominote a. Pwogram nan fè selebrasyon pou edikatè ki montre yon angajman pou pwofesyon an nan chwazi edikatè ki reprezante kontribisyon pozitif pou anplwaye ansèyman nan tout distri a. Nou konsidere edikatè sa yo antanke egzanp pi wo nivo pwofesyonalis, pèfòmans, ak enpak pozitif. Yo envite konpayon pwofesè yo, fanmi, elèv, manm kominote ak lòt moun yo te envite pou nonmen edikatè yo kwè ki merite rekonesans pou kontribisyon yo nan kominote lekòl la. Pwosesis nominasyon an konsiste de BTU, BPS, ak Vil Boston envite pwofesè ak anplwaye nan lekòl yo, elèv, fanmi ak manm kominote a pou nonmen edikatè egzanplè pou onore travay yo ak devouman yo nan pwofesyon yo. "Edikatè" gen ladan pwofesè, travayè sosyal, parapwofesyonèl, enfimyè, moun ki travay nan bibliyotèk, responsab ki bay sèvis, ak konseye. Pou yo ka konsidere w pou prim lan, kandida yo te oblije sibi yon pwosesis egzat ak BTU ak BPS. Nou te resevwa plizyè santèn nominasyon e nou te gen yon gwo komite ki te gen BTU, BPS ak manm estaf Depatman vil la. Manm komite yo te vizite lekòl yo e yo te prezante yo sètifika ak sak ki gen kado yo. Nou rekonesan anvè Boston Educational Development Fund ak BTU pou kontribisyon yo. Boston Celtics pral onore edikatè nou yo tou nan youn nan jwèt yo nan fen janvyè. Kounye a mwen ta renmen pase lapawòl a Jerome Doherty, ki pral montre prezantasyon moun ki onore yo

7 Desanm 2022

ak dirijan lekòl yo. Dirèkteman apre prezantasyon an, mwen pral reponn nenpòt kesyon w ka genyen.

Jerome Doherty, Biwo Relasyon Imèn, te prezante moun ki resevwa Prim Edikatè 2022 pou Ane a, lidè lekòl yo te prezante yo:

- Lidè lekòl la: Leslie Gant
 - **Celines Rodriguez, Joseph Tynan Elementary School, Edikasyon Espesyal, ABA Strand**
- Lidè lekòl la: Doktè Michelle Eisan-Smith
 - **Mary Simmons, Horace Mann Lekòl pou moun ki soud ak moun ki gen pwoblèm pou tande, pwofesè pou moun ki soud**
- Lidè lekòl la: Paul Kennedy
 - **Andrea Livesey, Joseph Lee K-8 School, Edikasyon espesyal**
- Lidè lekòl la: Joseph Foley
 - **Stephen Mook, Lekòl K-8 Joyce Kilmer, Pwofesè Matematik**
- Lidè lekòl la: Mark Silva
 - **Jenny Wu, Lekòl Elemantè Harvard Kent, Parapwofesyonèl**
- Lidè lekòl la: Jerleen John
 - **Suzie Renz, Excel High School, Enfimyè**
- Lidè lekòl la: Megan McGoldrick
 - **Giannina Sanchez, Lilla G. Frederick Pilot Middle School, Travayè Sosyal**

Manm Komite yo te felisite moun k ap resevwa Prim Edikatè Ane BPS 2022 yo.

Mesye Tran te poze kesyon pou eksplike ankèt Avoka Natashia Tidwell te fè sou enkyetid yon gwoup edikatè koulè ki te soulve. Konseye Legal Lisa Maki te di sijè ki abòde ankèt la gen pou wè ak si yo te mete yon kantite enfòmasyon nan biwo santral anplwaye administratif yo nan konje administratif ak/oswa sa yo te deja envestige, epi, si gen yon kantite enfòmasyon, si gen prèv ki montre te gen patipri. Yo pral konsidere rapò a antanke yon bagay ki konfidansyèl ant avoka ak kliyan, ak distri a ak Komite Lekòl kliyan yo.

7 Desanm 2022

Mesye Cardet-Hernandez mande mizajou sou Biwo Edikasyon Espesyal ak Biwo Edikasyon Miltilang ak Miltikiltirèl. Siveyan an rezime repons distri a bay revizyon ak rekòmandasyon Konsèy Gwo Vil Lekòl yo (CGCS) nan domèn sa yo, sa gen ladan rekòmandasyon sou aplikasyon enklizyon, sipò pou elèv ki pale plizyè lang ki andikape, etablisman ak aplikasyon yon kad MTSS, ak travay ak ekip finans lan ak ekip akademik pou fè bidjè e pou planifye yon distri enklizif. Jodi a Biwo Edikasyon Espesyal ak Biwo Edikasyon Miltikiltirèl ak Miltilang te fè yon reyinyon devlopman pwofesyonèl sou fason pou pi byen sipòte elèv ki gen andikap ki pale plizyè lang. BPS ap ekri yon kontra kounye a pou idantifye ekspè ekstèn ki pral sipòte aplikasyon solid nan enklizyon sistèmik pou elèv ki pale plizyè lang ak elèv ki andikape. Anplis de sa, BPS ap pran etap enpòtan pou anboche yon Konseye Prensipal pou sipèvizite aplikasyon rekòmandasyon yo ak Chèf Edikasyon Espesyal pou dirije Biwo Edikasyon Espesyal la; kreye pozisyon pou sipèvizite aplikasyon Sistèm Sipò Plizyè Nivo distri a; epi yo te òganize de nan kat lansman pou ekip planifikasyon enklizyon ki baze nan lekòl nou an ak 22 gwoup lekòl ki kòmanse pwosesis pou rann lekòl yo pi enklizif pou sèvis tout elèv yo nan anviwonman ki pi piti a. Siveya Adjwen Akademik Doktè Linda Chen te di wòl prensipal Konseye pou Edikasyon Espesyal la pral asire rekòmandasyon CGCS yo ap aplike. Siveyan an te di li menm ak ekip li a pral bay yon mizajou ki pi konplè nan mwa janvyè.

Mesye Cardet-Hernandez te poze kesyon sou estrateji enskripsyon distri a. Siveyan an te remake li enpòtan pou separe faktè ki pa kontwòle kontwòl distri a, tankou bès nan kantite timoun ki gen laj lekòl, ak faktè BPS kapab kontwòle, tankou kalite edikasyon. Mesye Cardet-Hernandez te mande yon mizajou sou pòs pwofesè aktyèl yo ak notifikasyon pou fanmi ki genyen elèv k ap resevwa enstriksyon nan men yon pwofesè ki pa gen lisans. Siveyan an te dakò pou l swiv enfòmasyon yo, li fè konnen kounye a pa gen okenn mizajou sou sijesyon li te fè anvan pou bay fanmi elèv ki gen pwofesè ki pa gen lisans opòtinite pou yo transfere lekòl yo.

Apwouve - Sou apèl, Komite a apwouve Rapò Siveyan an yon fason ki inanim.

RAPÒ

Akò Pwovizwa Negosyasyon Kolektif: Komite Lekòl Boston ak Asosyasyon Polis Patwouy Lekòl Boston ak Komite Lekòl Boston ak Inyon Lokal 1952, Painters & Allied Trades District Council No 35 (Gadyen) - Direktè Adjwen Relasyon Travay Lou Scapicchio prezante pwen enpòtan nan de Memorandòm akò ant Komite Lekòl Boston ak Asosyasyon Patwouy Lapolis Lekòl Boston yo, ki valab 1ye septanm 2020 - 31 out 2021 ak 1ye septanm 2021 - 31 out 2024.

Ogmantasyon Salè:

- Ane fiskal 2021: 2%
- Ane fiskal 2022: 2.5%, plis yon peman yon sèl fwa ki se \$1,000
- Ane fiskal 2023: 2.5%
- Ane fiskal 24 2.5%

Refòm:

- Revize langaj fèt relijye a pou vin pi ekitab e enklizif
- Te aplike Regleman Konje Paran ak Konje Militè Vil la nan sendika sa a.

**Reyinyon Vityèl Komite Lekòl Boston
Zoom**

7 Desanm 2022

- Te ajoute langaj Akò Refòm Lapolis la nan kontra.

Avoka Relasyon Travay Jeff Smith te prezante pwen enpòtan yo nan de Memorandòm Akò ant Komite Lekòl Boston ak Inyon Lokal 1952, Painters & Allied Trades District Council No. 35 (Trustees), ki an vigè 1ye septanm 2020 rive 31 out 2023 e depi 1ye septanm 2023 rive 31 out 2026.

Kantite tan premye kontra a ap dire se 1 septanm 2020 - 31 out 2023

Ogmantasyon Salè:

- Ane fiskal 2021: 2%
- Ane fiskal 2022: 2.5%, plis yon peman yon sèl fwa ki se \$1,000
- Ane fiskal 2023: 2.5%

Refòm:

- Ajoute Juneteenth kòm jou ferye; Chanje Columbus Day pou Jounen Pep Endijèn yo.
- Konje Maladi: Anplwaye yo pral resevwa jou maladi yo bay yo 1ye septanm chak ane, aliman yo ak lòt inite negosyasyon yo.
- Ogmante pousantaj manm ekipaj, chèf ekipaj, chèf ekipaj ki an chaj a \$45 dola chak èdtan epi Ogmante pousantaj pou sable tanbou a \$51 chak èdtan. Sa reprezante ekonomi pou distri a paske li vrèman pi chè pou anboche kontraktè deyò pou fè travay sa a.
- Refòm sou bati langaj defi

dirasyon 2yèm kontra: 1ye septanm 2023 – 30 out 2026

Ogmantasyon Salè:

- Ane Fiskal 2024: 2.5%
- Ane Fiskal 2025: 2%
- Ane Fiskal 2026: 2%

Refòm:

- Etablisman pwogram Gwoup moun ki malad

Komite a pwograme pou vote sou akò yo pita aswè a.

KÒMANTÈ JENERAL PIBLIK LA

Moun sa yo te pale an favè pou sipòte pwopozisyon pou chanje non pwogram McKinley yo nan onè Melvin H. King:

- Prezidan Konsèy Vil Boston Ed Flynn
- Mary Nee-Loftus, rezidan Sid Boston, pwofesè McKinley South End Academy
- Adonis Evans, rezidan Dorchester, ansyen elèv McKinley School
- Edith Bazile, rezidan Hyde Park, defansè

Moun sa yo te pale an favè pou sipòte pwopozisyon pou chanje non gwo espas yo nan Boston Arts Academy:

- Jeff Rosica, rezidan Lexington, Prezidan Konsèy Fondasyon Boston Arts Academy
- Denella Clark, rezidan Hyde Park, Prezidan ak PDG Boston Arts Academy Foundation

7 Desanm 2022

- Valerie Becker-Nogueira, rezidan Lawrence, Prezidan Administrasyon ansyen Elèv nan Fondasyon Boston Arts Academy
- Hamida Abdal-Khallaq, ansyen rezidan Roxbury, aktyèl Fort Worth, rezidan TX

Moun sa yo te temwaye konsènan sipò yo te resevwa nan Biwo Ekite a:

- Leslie Gant, rezidan Hyde Park, lidè Tynan Elementary School
- Caroline Brito, rezidan Dedham, Responsab Hernandez K-8 Dual Language School
- Joanna Cruz, rezidan Jamaica Plain, lidè Adams Elementary School

Michael Heichman, rezidan Dorchester ak manm Boston Education Justice Alliance (BEJA), te pale konsènan ekite.

Sharon Hinton, rezidan Hyde Park e defansè, te pale konsènan inegalite nan finansman lekòl yo ak mezi sekirite lekòl yo.

Saadie Jasmin, rezidan Dorchester ak monitè bis edikasyon espesyal, te temwaye konsènan negosyasyon ak konvansyon kolektif yo.

Ruby Reyes, rezidan Dorchester ak direktè egzekitif BEJA, te aple konsènan Nouvo Akò Ekolojik.

PWEN ENTÈVANSYON YO

Doktè Alkins te poze kesyon pou klarifye sou Special Olympics BPS UCCS Grant ak sibvansyon MassGrads. Direktè Atletik Avery Esdaile te eksplike sibvansyon Special Olympics BPS UCCS la pral konsantre sou kreye lekòl chanpyon inifye. Li te dakò pou eksplòre sijesyon Doktè Alkins pou konsiderasyon ki pèmèt elèv ki soti nan lekòl ki pap patisipe yo patisipe nan pwogram nan. Siveyan an te di li pral fè ekip li a swiv enfòmasyon adisyonèl sou sibvansyon MassGrad la, espesyalman fason DESE chwazi benefisyè yo ak pataje pi bon pratik yo.

Mesye Cardet-Hernandez te poze kesyon pou klarifye sou sibvansyon Kapital SCG Lab Modernization Skills, yo tout te reponn pa Fran Brangman, ekriven sibvansyon Madison Park Technical Vocational High School.

Apwouve - Nan apèl nominal, Komite a te apwouve an blòk sibvansyon yon montan \$1,356,000.

Doktè Alkins ak Mesye Cardet-Hernandez te eksprime enkyetid yo konsènan atik ajanda yo te prezante ak vote nan menm aswè a, souliye enpòtans diskisyon Komite a epi bay ase tan pou fidbak kominote a. Siveyan an te eksplike li menm ak ekip li a ap fè yon efò konsèté pou rann kontra travay yo aktyèl epi jwenn konpansasyon travayè yo anvan jou ferye yo.

Apwouve - Nan apèl nominal, Komite a te apwouve an blòk yon akò negosyasyon kolektif ant Komite Lekòl Boston ak AFSCME AFL CIO Council 93, ak Affiliate Local 230 (Travayè Kafeterya) ki anvigè 1ye jiyè 2020 - 30 jen 2023.

7 Desanm 2022

Apwouve - Nan apèl nominal, Komite a te apwouve an blòk yon akò negosyasyon kolektif ant Komite Lekòl Boston ak Asosyasyon Patwouy Polis Lekòl Boston, ki an vigè 1ye septanm 2020 - 31 out 2021.

Apwouve - Nan apèl nominal, Komite a te apwouve an blòk yon akò negosyasyon kolektif ant Komite Lekòl Boston ak Asosyasyon Patwouy Polis Lekòl Boston, ki anvigè 1ye septanm 2021 - 31 out 2024.

Apwouve - Nan apèl nominal, Komite a te apwouve an blòk yon akò negosyasyon kolektif ant Komite Lekòl Boston ak Local Union 1952, Painters & Allied Trades District Council No. 35 (Gadyen), ki an aplikasyon 1ye septanm 2020 - 31 out 2023.

Apwouve - Nan apèl nominal, Komite a te apwouve an blòk yon akò negosyasyon kolektif ant Komite Lekòl Boston ak Local Union 1952, Painters & Allied Trades District Council No. 35 (Gadyen), ki an aplikasyon 1ye septanm 2023 - 31 out 2026.

RAPÒ

Prezidan Robinson te di li te mande anplwaye distri a pou yo revize règleman sa a, ki te dènye mizajou nan fen ane 1990 yo, epi fè yon mizajou pwopozisyon Komite Lekòl la pita nan ane lekòl sa a pou asire politik la reflekte priyorite aktyèl distri a ak lekòl la. Komite a, gen yon pwosesis tè solid epi li mande pou itilize zouti planifikasyon ekite rasyal la.

Pwopozisyon pou chanje non lekòl ak espas yo - Siveyan Adjwen Operasyon Sam Depina prezante rekòmandasyon Siveyan an pou chanje non lekòl ak espas sa yo:

- Boston Arts Academy (BAA): 27 espas pou onè moun ki te fè kontribisyon enpòtan nan BAA
- Madison Park Technical Vocational High School: de chanm nan onè ansyen anplwaye Charles McAfee ak Jose Solis
- Mattahunt Community Center/Mattahunt Elementary School: yon chanm nan onè aktivis kominotè Annie Kinhead
- Pwogram McKinley pou Melvin H. King South End Academy nan onè ansyen Reprezantan Eta a pou 9yèm Suffolk, edikatè BPS, ak defansè lajenès.

Kominote lekòl yo te swiv Règleman pou nonmen lekòl BPS ak Sikilè Siveyan an, (SUP-04) ki dekri yon pwosesis pou “nonmen oswa chanje non nenpòt lekòl piblik Boston oswa zòn remakab ladan l (pa egzanp, bibliyotèk, oditoryòm, jimnazyòm, sal konferans).” Pwosesis la te etabli pou asire anplwaye lekòl la, paran yo, ak kominote ki antoure a gen opòtinite pou sijere ak revize non yo anvan yo soumèt yo bay Siveyan an ak Komite Lekòl la pou apwobasyon final la. Chak lekòl te swiv yon pwosesis piblik, ki enkli yon odyans piblik kote moun ki gen enterè yo te vote sou pwopozisyon an (yo).

Manm Komite yo te remèsye kat kominote lekòl yo pou patisipasyon yo nan pwosesis la ak lide ki dèyè rekòmandasyon yo. Komite a gen yon pwogram pou pran aksyon sou rekòmandasyon chanje non yo nan dat 14 desanm.

7 Desanm 2022

Mizajou Biwo Ekite, Ane Lekòl 2021-2022 - Asistan Siveyan Ekite Becky Shuster prezante Rapò Anyèl Biwo Ekite pou Ane Lekòl 2021-22.

Biwo Ekite a te reponn 2,794 enkyetid fòmèl anplwaye, etidyan ak fanmi, tankou:

- 50 investigasyon ak 47 revizyon ankèt ki fèt sou lidèchip Biwo Ekite
- 1,150 investigasyon administratè lekòl yo sipèvizè pa Ekite
- 809 demann andikap, gwsès, ak akomodasyon relijye
- 553 konsiltasyon bay administratè lekòl yo ak biwo santral ak lòt anplwaye yo
- 185 demann pou sipò elèv LGBTQ+

Biwo Ekite travay an patenarya ak Succeed Boston ak Liy Asistans Telefonik BPS pou prevansyon brimad ak sekirite pou adrese ensidan yo epi adapte entèvansyon ak sipò. Li te ògamize ak administre 52 sesyon fòmasyon, ki te fèt ak pilote Ekite Rasyal ak Lidèchip Fòmasyon an patenarya ak Biwo Opòtinite Pou tout, epi li te dirije yon kad fasilite pou mennen gwoup afinite blan kont rasis kontinyèl pou lidè lekòl ak distri yo an patenarya avèk RCD. Respè 24/24, 7/7 anseye elèv yo kijan pou yo anpeche, kanpe devan, ak rapòte move konduit ki baze sou patipri ak seksyèl, kit se an pèsòn, nan mesaj tèks, oswa sou Entènèt.

Horace Mann School pou moun ki soud ak moun ki mal pou tande Direktè lekòl la, Doktè Michelle Eisan-Smith ak Warren-Prescott K-8 School Leader Dr. Michele Simon te pale sou sipò yo te resewa nan men Biwo Ekite a.

Manm Komite yo fè lwanj travay Biwo Ekite a. Manm yo te poze kesyon pou klarifye sou tandans swivi, angajman fanmi, kourikoulòm ki reponn a kiltirèl, ak responsablite, tout bagay sa yo Madam Shuster te reponn.

Mesye Cardet-Hernandez mete aksan sou enpòtans kolaborasyon entèfonksyonèl. Siveyan an te pale sou wòl enpòtan devlopman pwofesyonèl.

Doktè Alkins te mande done sou move konduit elèv-sou-elèv ki baze sou patipri nan Ane Fiskal 18-Ane Fiskal 22. Madam Shuster te dakò pou l fè swivi.

Madam Shuster te konfime pou Mesye O'Neill li santi li kalifye pou l fè travay enpòtan sa a, li di l konfyans pou aksyon sa yo pran kòm rezilta investigasyon yo. Li te eksprime enkyetid konsènan enpak potansyèl pou kriz finansye alavni.

Madam Robinson te poze kesyon sou itilizasyon Zouti Planifikasyon Ekite Rasyal la. Madam Shuster te repete enpòtans responsablite, li eksplike li menm ak ekip li a bay sipèvizè biwo santral yo devlopman pwofesyonèl sou fason pou yo itilize zouti planifikasyon ekite rasyal la.

KÒMANTÈ PIBLIK LA SOU RAPÒ YO

Okenn.

NOUVO AKTIVITE

Reyinyon Vityèl Komite Lekòl Boston
Zoom

7 Desanm 2022

Okenn.

FEN REYINYON AN

Apwouve - Ozanviwon 11:06 pm, Komite a te vote an blòk, nan yon apèl nominal, pou fini reyinyon an.

Ateste:



Elizabeth Sullivan
Sekretè Egzekitif